Ассаламу гIалайкум!

# ЦIумадисезул гьаракь

(Голос Цумады)

2023 соналъул 14 апрель Рузман №16 (7778) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъурущ 12 +

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

ДандчIвай

## Нужедаса чIухIула цIумазул улка

**ЛъикI щварал гугарухъаби, цIумадисезул чIухIи,**
**ЦIаруе мустахIикъал лебалал магIарулал.**
**Меседил медалилал, гIарцулал призералги**
**ЦIумадисезул чIухIи - чIухIарал чемпионал.**

**ЦIумадисезул щивас нужей сахлъи гьарула,**
**Сахал гIолохъабазе бергьенлъаби гьарула.**
**Нужер щивасул росу батIияб бугониги,**
**Борхалъуда ккун буго нужеца цIумазул ракь.**

**Харабазул насихIат наслабазего бугеб**
**Намус бацIцIадго цIуне, яхIалъе нуж тохлъуге.**
**Къеялъул кьогIлъи лъачIес бергьенлъи къулчIуларо,**
**КъулчIаги нужер щивас Олимпиялъул медаль.**

Микьабилеб апрелалда Агъвали культураялъул КIалгIаялда тIобитIана араб соналъ




эркенаб гугариялъул рахъалъ лъикIал хIасилал рихьизарурал районалъул гугарухъабазулгун районалъул бетIер Шамил ГIумаровасул дандчIвай.

Гьенир гIахьаллъана районалъул рагъул ва захIматалъул ветераназул советалъул нухмалъулев МухIамад Шамсудинов, районалъул имам Абубакар Абакаров, Агъвали мажгиталъул имам Юсуп ХIажиев, учреждениябазулгун организациябазул хIалтIухъаби ва Агъвали гимназиялъул цIалдохъаби.

Данделъи рагьана райадминистрациялъул культураялъулгун туризмалъул ва спорталъул управлениялъул нухмалъулев ГIабдусалам МухIамадовас.




Араб соналъ районалъул гугарухъабазул эркенаб гугариялъул батIи-батIиял турниразда рихьизарурал хIасилазул бицун кIалъай гьабуна райадминистрациялъул спорталъулгун гIолилазул ишазул отделалъул нухмалъулев ТIалхIат ГIабдулбасировас. Гьес рекIелъ кIудияб чIухIигун рехсана районалъул цIар борхатго ккурал, сонидаса сониде машгьурлъулел гIолохъанал гугарухъабазул цIарал.

Жакъасеб дандчIваялъул чIухIилъун кколин абуна гьес ТIиссиса ГIабасхIажи МухIамадов, Акнадаса АхIмад ГIусманов, КIванадаса Шамил Мусаев, Гъоркьхъварщиниса АхIмад Идрисов, Инхокъвариса Аманула Расулов, Гьигьалъа МустапахIажи Малачдибиров ва СаидмухIамад Гъайирбегов, Метрадаса Башир МухIамадов, РичIагьанихъа Камил ГIабдулвагьабов ва Хуштадаса МухIамад АхIмадов. Гьезул бергьенлъабаз районалъул гIолилаздаги куркьбал гьолел ругин абуна ТIалхIат ГIабдулбасировас. Бицана гьал къояз эркенаб гугариялъул рахъалъ Россиялъул первенствоялда тIоцебесеб бакI ккурав Агъвали гимназиялъул цIалдохъан МухIамад ГIалибахIарчиевасул ва лъабабилеб бакI ккурав гьебго гимназиялъул цIалдохъан МухIамад ГIабдулхIакъовасул церерахъиназул.

Гугарухъабазда бергьенлъаби баркулаго районалъул бетIер Шамил ГIумаровас абуна нилъер гугарухъабазул церерахъиназда хадув живги кидаго хал ккун вукIунилан, лъалин ки-




наб турниралда кинал хIасилал гьезул ккараллъи. Гьелъ бокьулин халкъалъе щибаб соналъ гьелгун дандчIвазеян абуна районалъул нухмалъулес, гугарухъабазе сахлъи ва икъбал гьарулаго.

Нужедаса чIухIараб бугин цIумазул улкаян абуна гьес гугарухъабазда, ва ахIана гьел гIун бачIунеб гIелалъе кидаго чIагояб мисаллъунги, гIагараб ракьалде ва рахьдал мацIалде рокьи куцалеллъунги рукIине.

КIалъазе вахъарав районалъул имам Абубакар Абакаровас киназдаго баркана тIаде щвараб хирияб рамазан моцI, гьарана киназего Аллагь разияб хIалалда гьеб тIобитIизе щулияб иман ва чорхое къуват. Баркана гугарухъабазда лъикIал хIасилал, ва загьир гьабуна гьездаса жиндир бугеб разилъи ва чIухIи.

ГIун бачIунеб гIел спорталде ахIана районалъул рагъул ва захIматалъул ветераназул Советалъул нухмалъулев МухIамад Шамсудиновас. Гьес бицана спорталъулъ нилъер гIолилаз росарал бергьенлъаби кколин гьезул къойилаб захIматалъул хIасилилан. РакIалде щвезабуна машгьурав речIчIухъан МухIамад НурмухIамадовас Конар Макгрегорида тIад бергьенлъи босараб мехалъ жиндир бераздасан рохалил магIил гарал гирун ин. Гьеб букIанин абуна гьес районцоясул бергьенлъиялдаса жиндир чIухIи ва рохел. Спорталъ гIолилал цолъиялде, гьудуллъиялде ва ВатIан бокьиялде куцалин абуна гьес, залалда гIодорчIарал Агъвали гимназиялъул цIалдохъабаздехун хитIаб гьабулаго, гьелги ахIана районалъул машгьурал гугарухъабаздаса мисал босизе.

Гугарухъабазе сайгъат гьарурал жидерго кучIдул цIалана Агъвали гимназиялъул учительница Надежда Фроловалъ ва ТIиссиса ГIумар Жамалудиновас.

Данделъиялъул ахиралда районалъул бетIер Шамил ГIумаровас гугарухъаби кIодо гьаруна грамотабаздалъун ва гIарцулал сайгъатаздалъун, гьединго « Корахомм» фирмаялъул гугарухъабазул цIар хъварал юргъаназдалъун.

Жидер гьабураб адаб-хIурматалъухъ гугарухъабазул рахъалъан баркала загьир гьабун кIалъаял гьаруна ГIабасхIажи МухIамадовас ва АхIмад ГIусмановас.

Данделъиялъул ахиралда Агъвали мажгиталъул имам Юсуп ХIажиевас гьабуна дугIа, гьарана киназего Аллагь разияб хIалалъ гIумру гьабизе щулияб иман, сахлъи ва къуват.

**ГI. Малачдибиров**

Призыв-2023

# Армиялда хъулухъ гьабизе ахIиялъул комиссия данделъана

Араб тала къоялъ, анцIила цоабилеб апрелалда, районалъул бетIер Шамил ГIумаровасул нухмалъиялда гъоркь райадминистрациялда тIобитIана армиялда хъулухъ гьабизе ахIиялъул комиссиялъул данделъи.



Данделъиялда гIахьаллъана райадминистрациялъул бетIерасул заместитель МухIамад Сиражудинов, районалъул рагъулав комиссар МухIамадрасул Расулов, районалъул прокурорасул ишал тIуралев ХIажимурад Арадахов, жанисел ишазул районалда бугеб отделалъул нухмалъулев Камал ГIабдулхIакъов, ФСБялъул районалда бугеб идараялъул нухмалъулев МухIамад Дибиров, райбольницаялъул бетIерав тохтурасул заместитель Муслимат МухIамадова, терроралде дандечIараб районалъул комиссиялъул аппаратальул бетIерав специалист Шагьрурамазан Махаев.

Данделъиялда хал гьабуна ихдалил призыв гIуцIадго тIобитIиялда бан комиссиялда цере чIарал масъалабазул.

Комиссиялъул данделъи рагьулаго Шамил ГIумаровас баян гьабуна районалъул рагъулаб комиссариаталъул хIалтIулъ ругел гIунгутIабазул, гьелъул хIасилалда араб соналъ армиялде гIолохъаби ахIиялъул кампания тIобитIулаго дандчIварал захIмалъабазул. Божильи гьабуна цIияв рагъулав комиссарас гьеб рахъалъ хIалтIи къучIдасанго хисизабизе букIиналда, гьаруна гьесие малъа-хъваял.

Армиялда хъулухъ гьабизе ахIиялъул суалалда хурхун рагъулаб комиссариаталъул хIалтIул хIакъалъулъ кIальарал Камал ГIабдулхIакъовас, МухIамад Дибировас, МухIамад Сиражудиновас ва ХIажимурад Арадаховас бихьизабуна рагъулаб комиссариатальул хIалтIулъ бугеб гIуцIи гьечIолъи, бицана гьенир ругел гIунгутIабазул, хIалтIи лъикIлъизабиялъе гьаризе кколел тадбиразул, ихтиярал цIунулел органазулгун рагъулаб комиссариаталъул букIине кколеб цадахъаб хIалтIул.

МухIамадрасул Расуловас абуна рагъулаб комиссариаталъул хIалтIи жавабияб ва захIматаб букIин жинда лъалин, гьебго заманалда жинца жигар бахъилин ихтиярал цIунулел органалгун ва росдал администрациябигун цадахъ лъугьун, ругел гIунгутIабиги тIагIизарун, комиссариаталъул хIалтIи цебесеб кьерде ккезабизе.

Данделъиялъул хIасилал гьарулаго Шамил ГIумаровас бихьизабуна гьабизе хIалтIи гIемер бугониги, гьеб низамалде бачине кIолин хIалтIудехун ракIбацIцIадаб бербалагьи бугони. Гьединлъидал, жинда ракIалде кколин абуна гьес, ихтиярал цIунулел органалгун ва росдал администрациябигун цадахъ лъугьун МухIамадрасулида кIвелин хIалтIи битIараб нухде бачине.

# Росдал къо тIобитIизе буго

Лъеберабилеб апрелалда Гьигьалъ росулъ тIобитIизе буго росдал къо. Тадбир тIобитIизе тIаде босарал росдал гъоркьохъеб школалъул 1981 соналъул выпускниказ районцоял ахIулел руго гьенир гIахьаллъизе.

Рохалилаб тадбир рагьизе буго радал сагIат ичIгоялда росдал мажгиталда мавлид цIалиялдалъун.

ТIоритIизе руго КъурӀан цIалиялъул ва спорталъул миллиял тайпабазул къецал: 1500 метралъул манзилалъ рекери, чIаралъуса кIанцIи, канат цIай (къокъаялда вукIине ккола щуго чи). Гьединго хас гьабун гьигьалъдерил гIолилазда гьоркьор тIоритIизе руго эркенаб гугариялъул рахъалъ къецалги.

Бергьарал ва призерал кIодо гьаризе руго грамотабаздалъун ва гIарцулал сайгъатаздалъун:

1 бакI-3000 гъурущ, 2 бакI-2000 гъур., 3 бакI-1000 гъурущ.

**ГIуцIиялъул комитет**

Акция

# ЦIалдохъабазе паспортал къуна

АнцIила кIиабилеб апрелалда Агъвали гимназиялда тIобитIана космосалъул къоялда хурхинабураб «Мы-граждане России» абураб ТIолгороссиялъулаб акциялъул рахъ ккураб рохалилаб тадбир.

Гьенир гIахьаллъана районалъул депутатазул Собраниялъул председатель МухIамад НурмухIамадов, райадминистрациялъул бетIерасул заместитель МухIамад Сиражудинов, лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулесул заместитель МухIамадхIабиб АхIмадов, райадминистрациялъул спорталъулгун гIолилазул ишазул отделалъул нухмалъулев ТIалхIат ГIабдулбасиров ва жанисел ишазул районалда бугеб отделалъул миграциялъулаб пунктальул нухмалъулев Завурбег МухIамаднабиев.



Тадбир рагьулаго гимназиялъул тарбия кьеялъул рахъалъ директорасул заместитель МухIамад МухIамадовас бицана жакъа улкаялда тIоцевесев инсан космосалде вахин кIодо гьабун тIобитIулеб иргадулаб акциялда хурхинабунин анцIила ункъо сонил ригьалде рахарал районалъул школазул цIалдохъабазе паспортал кьеялъул рохалилаб тадбирилан.

Паспорталъул тарихалъул къокъго бицана тадбир бачунел анцIабилеб классалъул цIалдохъаби Фатима ЖахIбаровалъ ва Аминат МуртазагIалиевалъ.

ЦIалдохъабазда гIумруялда кколеб кIвар бугеб лъугьа-бахъин баркун кIалъаял гьаруна МухIамад Сиражудиновас, МухIамад НурмухIамадовас, МухIамадхIабиб АхIмадовас, ТIалхIат ГIабдулбасировас ва Завурбег МухIамаднабиевас. Гьез цIалдохъабазда баркана байрам, гьарана цIалулъ ва спорталъулъ лъикIал хIасилал, гьаруна насихIатал.

Улкаялъул гимн ахIиялдалъун пачалихъияб байрахъ борхизе изну къуна дагъав цеве Наро-Фоминск шагьаралда эркенаб гугариялъул рахъалъ Россиялъул первенствоялда тIоцебесеб бакI ккурав анцIабилеб классалъул цIалдохъан МухIамад ГIалибахIарчиевасе.

Жанисел ишазул районалда бугеб отделалъул миграциялъулаб пункталъул нухмалъулев Завурбег МухIамаднабиевас Агъвали гимназиялъул цIалдохъаби МухIамадова Зайнабие, ХIамзатов Муазие, ГIабдурахIманов Каламулагьие, Хуштада ва Гъоркьгьаквари росдал школазул цIалдохъаби ГIабдулаев ГIабдулае ва ГIабдусаламова Аминатие къуна гьезул гIумрудул аслияб документ-паспорт.

Россиялъул гражданинасул паспорт щвеялдаса жал чIухIарал рукIин загьир гьабуна цIалдохъабаз ва улкаялъе ритIухъал рукIине гьаги бана.

**Зульфия Сажидова**

## Баркала загьир гьабуна



Районалъул школазда тIадбан унеб буго учителасул ва насихIатчиясул ЛъагIелалда хурхинабун тIобитIулеб «За свой успех благодарю» абураб республикаялъулаб акция. Къойидаса-къойиде цIикIкIунел руго жидерго рукIарал учительзабазе хинал рагIабаздалъун баркала загьир гьабулел цIалдохъаби.

Гьал къояз гьеб акциялъул рахъ ккуна ГьигьалъгIурухъ школалъул директор Айсанат МухIамаднабиевалъ. Гьелъ жиндирго лъикIал хIасилазухъ баркала загьир гьабураб кагъат битIун бачIана Агъвали гимназиялъул авар мацIалъулгун адабияталъул мугIалим МухIамад ХIайбулаевасул цIаралда.

Гимназиялъул директор Муслим ВахIидовас хIурматияб кьагIидалда мугIалимасухъе къуна гIемерсоназулаб ракIбацIцIадаб хIалтIухъ гьесул йикIарай цIалдохъаналъ баркала загьир гьабураб кагъат.

**ПатIимат МуртазагIалиева**

Ифтар

# Садакъа къабулаб батаги

Рамазан ккола лъикIал ишазул, рахIмуялъул, Аллагь разилъиялъе гIоло шивав бусурманчияс хIаракат бахъулеб хирияб моцI. Гьел лъикIал ишазул цояблъун ккола кIал ккурав чиясе кIал биччазе квен кьей. Гьеб рахъалъ, Аллагьасе рецц, нилъ лъикI руго. КIал ккурал гIадамал кваназаризе тадбирал тIоритIи гIадатлъун лъугьун буго нилъер республикаялда. Гьеб ккола нилъее умумузулъанго бачIараб гьоболлъи гьаби ва садакъа кьей гIадаб магIарулазул гIадат. Цебе магIарул росулъе гьобол вачIин букIана кIудияб рохел, хасго кIалккун вачIарав гьоболасе хъулухъ гьаби жамагIаталъул вакилзаби, рехе чIарал росуцоял.

Гьезда гьоркьор рукIана машгьурав речIчIухъан ХIабиб НурмухIамадов, гьевгун цадахъ рачIарал силдадерил речIчIухъаби Шамил Завуров, МухIамадрасул ХIасбулаев, Абубакар НурмухIамадов, Имам-Шафи ГIалиев ва цогидалги.

МаркIачIул как ахIилалде цебе гьалбадерие рес щвана ХIабибилгун ва цогидалги речIчIухъабигун кIалъай-басай гьабизе, ракIалде щвеялъе суртал рахъизе. ГIолохъабазда гьоркьор ккана лъай-хъваял, дандчIвана гьудул-гьалмагъзабигун, росуцоялгун. Гьалбадерида бихьана



рикIкIунаан кIудияб рохеллъун. АскIор ругезулгун, гьудул-гьалмагъзабигун квен гIахьал гьаби, садакъа бикьи исламалъе кидаго букIана хасияб ишлъун. Квен-тIех гIахьал гьаби ккола гьудул-гьалмагълъи щулалъиялъе щулияб аслулъун.

Рамазан моцIалъ ифтарал гIуцIи ахирал соназ нилъер районалдаги кутакалда тIибитIун буго, хасго лъикI гIуцIула гьеб гьалбал цIикIкIараб Агъвали росдал кIудияб мажгиталда. Ифтаралъул къимат гьабун, диналъул вацазда рамазан моцI баркизе ва цадахъ таравихIалъул какал разе цоцахъе росабалъе щолел руго гIолохъаби.

Гьедин гьаб араб гьатIан къоялъ силдадерил жамагIаталъ тIобитIана райцентралдаса ва росабалъа гIадамалги ахIун ифтар. Цебеккунго гьеб тIобитIизесеб къоги чIезабун, росдал администрациялъул бетIер МухIамад НурмухIамадовас киназдаго лъазабуна силдадерил жамагIаталъ ифтаралде ахIулел ругилан.

Гьезул ахIиги къабул гьабун Силди щвана районалъул нухмалъулел, учреждениябазулгун организациябазул нухмалъулел ва гьезул хIалтIухъабигун, росабазул бутIрулгун цадахъ цIилъун бачIунеб Силди росу, асфальт лъурал ва гIатIид гьарурал нухал, берцинго ганчIил къаназ къачIарал болъаби ва росдал къватIал, ралел минаби, росдал мажгит, мажгиталда тIад росдал сверухълъиялде ва мугIрул гIалахалде балагьизе бараб байдан, росдал годекIан гIатIилъиялъе бараб бетоналъул кутакаб къед.

МаркIачIул какдаса хадуб киналго рещтIана кIал биччазе мажгиталъул тIоцебесеб этажалда бараб кIудияб залалда гьарзаго гIуцIараб кванил тепсиялда нахъа.

Ифтар ана цIакъ берцинго, гIуцIадго, киналго разилъуледухъ.

РекIелъ кIудияб рохалил асаргун, дугIа-алхIамги гьабун, росдал гIолохъабаз гьалбал нухда регIана.

Аллагьас къабул гьабеги силдадерил жамагIаталъул садакъа, ракъи-къечалдаса, рагъкьалалдаса цIунаги. ЛъикIаб гьабизеги квешаб тезеги БетIергьанас киназего сахлъи кьеги.

**ГIубайдула Малачдибиров**

# Экологияб субботник тIобитIана

АнцIила цоабилеб апрелалда тIаде щолеб космонавтасул къоялда хурхинабун Хуштада росдал учительзабазгун школлъималаз шагьранухда ва лъарал рагIаллъиялда сверухъ тIобитIана экологияб субботник.

Гьез шагьранухдаса ва лъарал рагIаллъабаздаса бакIарана рищни-къул, шушби ва хIадур гьабуна нухлулазде, шоферзабазде ва туристазде тIабигIат чорок гьабугеян хитIаб гьабураб видеоролик.

Школалъул директоргун цадахъ гьениве щвана районалъул бетIер Шамил ГIумаровги. Гьев кутакалда разилъана гIагараб росдал тIабигIат цIуниялда сверухъ школалъ гьабулеб хIалтIудаса ва баркала загьир гьабуна учительзабазегун цIалдохъабазе.



**ТIавус ЯхIяева**

Диниияб бокIон

# Баракатал ракIарулеб моцI

Гьале ахиралде щолеб буго хирияб рамазан моцI, бищунго лъикIал, талихIал лахIзатал - гIагарлъигун, гьудул-гьалмагъзабигун цадахъ рохалида тIамулел ифтаралги, сухIуралги, таравихIалги. Щивав бусурбанчияс хIаракат бахъулеб буго Аллагьасда цере лъикIал гIамалал гьаризе.ТIаде щолел руго Лайлатул къадр сордо жаниб бахчарал рамазаналъул ахирисел къоялги.

### КIал хвезабурасда гIакIа

Рамазан моцIалъул баракаталдаса кколеб къагIидаялъ пайда босун киназухъаго бажаризе рес гьечIо.

Сахлъиялъул рахъалъ захIмалъаби гьечIев чияс кIал ккола, рес рекъарас садакъаби гьарула. Амма багьанаби ратун кIал ккечIев чиясе гьеб бецIизе ва мунагьал чуризе рес къун буго Аллагьас.

Къуръаналда буго: «Я, иман лъурал гIадамал, нужее кIал ккей паризаяблъун гьабуна, нужеда цере рукIарал умматазе паризаяблъун гьабураб гIадин, гьелъ черхалъул хьул бекизе гьабулелъул, гьелдалъун нуж гIасилъабигун мунагьал гьариялдаса цIунизе».

Хадубги Аллагьас, кIал кколезе бигьалъи гьабун, абуна: «Нужее кIал кквезе рихьизарурал къоял руго. Унтарал яги сапаралда ругел гIадамазе кIал кквечIого тезе ихтияр буго. Гьезда тIадаб буго, риччарал къоял рецIун, гьезул бакIалда цогидал къояз кIал кквезе. ЦIакъго херлъун яги сахлъиялде хьул гьечIеб хIалалъ унтун рукIун, кIал кквезе кIоларел чагIазда тIадаб буго мискинал чагIи кваназаризе, гIакIа кьезе. КIал биччараб къо рикIкIун кьезе тIадаб буго гьеб. Жинца гIумру гьабун ругеб бакIалда гIемерисеб мехалда кваналеб жоялдаса кьезеги ккола гIакIа. Кьезе кколеб къадаралдаса цIикIкIун къуни, гьеб гьесие лъикIаб буго» («Бакъарат» сураталъул тафсиразул таржама, 183, 184 аятал).

КинабгIаги гIузруги багьанаги гьечIого рамазаналъ кIал хвезабурав чияс гьеб бецIизе ва гIакIа кьезе ккола.

### КIал биччаялъул закат

КIал биччаялъул закагIат ккола черхалдасан бахъулеблъун. БоцIудаса бахъулеб закагIаталъ гьелда гьорлъе ккараб хъублъиялдаса гьеб бацIцIад гьабулеб гIадин, кIал биччаялъул закагIаталъ инсанасул напс бацIцIад гьабулин абула.

КIал биччаялъул закагIат тIалъула гIидалъул сордоялъул авал тIаде щвеялдалъун, ай рамазан моцIалъул ахирисеб къоялъул бакъ тIерхьиналдалъун. Гьеб къоялъ бакъ тIерхьунеб лахIзаталда чIаго дунялалда вугев, сордо-къоялъ жиндиего ва жинца напакъа кьезе кколезе бугеб кванидаса гьеб тIокIлъулев бусурбанчиясда закагIат бахъизе тIалъула.

Рамазаналъ чIагоги вукIун, ахирисеб къоялъул бакъ тIерхьиналде хвани, гьев чиясда сахI тIалъуларо. ТIерхьун хадув хвани - тIалъула. Гьединго тIалъула бакъ тIерхьиналде гьабураб лъимадаги, тIерхьун хадуб гьабуни - тIалъуларо. ХIанафил мазгьабалда рекъон, гIарцудалъун бахъулеб бугони, тIадаб гIуж щола гIидалъул къоялъул рогьел баккаралдаса.

КIал биччаялъул закагIат бахъизе суннатаб ва бищун хирияб буго кIалбиччан къоялъул радал, гIидалъул как балелде. ГIидалъул какдаса хадуб закат бахъизе карагьатаб буго. ГIидалъул къоялъул бакъ тIерхьинегIан, гIузруги гьечIого, нахъ бахъизе хIарамаб буго.

### СахI бахъиялъул тIалабал

Дагъистаналда, аслияб къагIидаялъ, ролъул сахI бахъулелъул, ният гьадин гьабила:

«Дица ният гьабуна (дидасанго яги дун вакил гьавурав пуланасдасан) кIал биччаялъул гIидалъул паризаяб сахI бахъизе ТIадегIанав Аллагьасе».

**Вакил гьавулеб къагIида:** «Дица мун вакил гьавуна дидасаго кIал биччаялъул гIидалъул паризаяб сахI бахъизе» - ян цояс абила. «Дица къабул гьабуна», - ян цогидас абила.

**ГIарац кьолеб бугони, имам ХIанафил мазгьабалда нахърилълъун ният гьабила:** «Дица ният гьабуна (дидасанго яги дун вакил гьавурав пуланасдаса) кIал биччаялъул гIидалъул паризаяб сахIил къимат кьезе Абу ХIанафил мазгьабалда нахъвилълъун ТIадегIанав Аллагьасе».

**Вакил гьавулеб къагIида:** «Дица мун вакил гьавуна дидасанго кIал биччаялъул гIидалъул паризаяб сахIил къимат кьезе», -ян цояс абила. «Дица къабул гьабуна», - ян цогидас абила.

Аварагасул (с.т.гI.в.) хIадис буго: «Рамазаналъ ккураб кIал зобалдаги ракьалдаги гьоркьоб далун чIезабун букIуна, гьеб гьениса тIаде борхуларо кIалбиччаялъул сахI бахъиялдалъун гурого», - ян (Абу ХIафис).

КIал кквей ва кIалбиччаялъул сахI тIадаблъун гьабуна гьижрияб тарихалъул кIиабилеб соналъ. Гьеб тIад гьабиялъул хIикматги напс бацIцIалъи ва лъикIаб гIамал гьаби буго. Рамазан моцIалъул кIалазул ккараб жагьаллъи бацIцIинелъун бахъула закагIат-сахIги.

**Юсуп ХIажиев,** Агъвали мажгиталъул имам

Армия зовет

# Призывная кампания «Весна-2023г.»

**Уважаемые Цумадинцы!**

Военный комиссариат Цумадинского муниципального района Республики Дагестан, в рамках весенней призывной кампании, проводит отбор граждан, для прохождения действительной военной службы в Вооруженных Силах РФ.

Нынешняя призывная кампания стартовала 1 апреля. Она продлится 106 дней и закончится 15 июля.

Каждая команда призывников, после изучения и отбора, решением призывной комиссии Цумадинского района, будут направлены на сборный пункт военного комиссариата Республики Дагестан, для прохождения дальнейших мероприятий, связанных с призывом на действительную военную службу.

При этом сообщаем, что отбор граждан, для прохождения военной службы, производится после изучения кандидата на предмет его соответствия требованиям руководящих документов к кандидатам и установления степени годности медицинской комиссией.

Сразу будут отсеяны те, кто имеет медицинские противопоказания, вредные наклонности (пристрастие к алкоголю, наркотикам и т.д.), замечен в причастности к экстремистским течениям.

Также доводим, что при отборе на действительную военную службу преимущество имеют граждане, имеющие высшее образование и специальность водителя категории C, D и E.

После прохождения всех предусмотренных законодательством мероприятий, решение о призыве на действительную военную службу принимает районная призывная комиссия.

Выпускникам вузов, успешно защитившим дипломные работы, предоставляется отсрочка до 31 августа.

Также доводим, что военный комиссариат проводит отбор граждан, пребывающих в запасе, для заключения контракта на военную службу.

Заключив контракт на дальнейшую службу, контрактник может претендовать на получение ряда льгот. К таковым относятся:

Льгота на получение жилищной площади.

Возможность обучения и медицинского обслуживания и обеспечения.

Льготы по оплате проезда.

Выходное пособие при определенных условиях.

Обеспечение формой.

Возможность раннего выхода на пенсию, отслужив не менее 20 лет.

Страхование здоровья и жизни при различных травмах.

Санаторно-курортное лечение.

Налоговые льготы.

Желаю всем новобранцам здоровья и успехов на службе на благо нашего Отечества!!!

**М. Расулов,** военный комиссар Цумадинского муниципального района РД

Бизнес

# Режим самозанятости

Самозанятость - это особый налоговый режим, выгодный для тех, кто работает сам на себя. Официально он называется «налог на профессиональный доход». Индивидуальные предприниматели тоже могут перейти на НПД, не теряя статуса ИП. Для этого им нужно зарегистрироваться самозанятым и в течение 30 дней подать заявление об отказе от спецрежимов - упрощенной системы налогообложения (УСН) или единого сельскохозяйственного налога (ЕСХН), если они их применяли. Индивидуальным предпринимателям, работающим по патенту, нужно либо подождать, пока закончится патент, либо сначала отказаться от патента и уже потом становиться самозанятым.

Один человек может совмещать несколько видов деятельности сразу. Перечислять все можно бесконечно, поэтому проще указать, чего самозанятым делать нельзя. Самозанятым запрещено:

- продавать подакцизные товары и товары, подлежащие маркировке. К ним относятся: алкоголь, табак, бензин, легковые автомобили, некоторые виды одежды, обувь, духи, ювелирные изделия и другие.

-перепродавать любые товары не собственного производства. К примеру, нельзя купить готовую игрушку и перепродать ее, можно только сшить ее и продать как товар собственного изготовления;

-добывать и (или) реализовывать полезные ископаемые - уголь, нефть, газ, песок, известь и так далее;

-работать по договору поручения, комиссии или агентскому договору, то есть быть посредником и совершать какие-то действия в интересах другого человека за вознаграждение;

Самозанятые могут сотрудничать как с физическими, то есть с обычными гражданами, так и с юридическими лицами и ИП. При работе с физическим лицом ставка, по которой рассчитывается налог, - 4% от суммы дохода, а при работе с компанией или ИП - 6%. Самозанятые платят налоги только с доходов от своей деятельности. Если дохода не было, то и платить ничего не надо.

Взносы в ПФР можно делать добровольно, чтобы копить стаж и баллы для пенсии. Если работать только самозанятым и взносов не делать, теряются годы трудового стажа. Если человек совмещает самозанятость и основную работу по трудовому договору, работодатель делает за него взносы в ПФР, поэтому с пенсией проблем не будет. Что касается взносов в Фонд социального страхования (ФСС) на случай временной потери трудоспособности или материнства, то их могут делать только самозанятые со статусом ИП. Остальным плательщикам НПД данная опция пока недоступна, поэтому никаких выплат во время болезни или декрета они не получают.

Новый налоговый режим имеет довольно много плюсов.Самозанятость - это способ выйти из «серой зоны», работать легально и не бояться, что однажды федеральная налоговая служба решит устроить проверку подозрительных доходов. Для регистрации самозанятым не нужно собирать пакет документов, платить госпошлину и идти в налоговую. Весь процесс проходит онлайн и занимает 10 минут. Самозанятые не обязаны сдавать декларации, вести бухгалтерию или книгу учета доходов и расходов. Все, что от них требуется - выдать чек через приложение и отправить его покупателю.Приложение «Мой налог» автоматически рассчитывает налог за каждую продажу, показывает итоговую сумму и сроки оплаты.У самозанятых самые низкие ставки по налогу - 4% и 6%. Большинству ИП и организациям для работы с физическими лицами нужна онлайн-касса, а это дополнительные расходы на ее покупку или аренду. В случае самозанятых роль кассы выполняет приложение. Самозанятым не нужно заполнять налоговые декларации и отчетные документы - это тоже одно из преимуществ нового налогового режима.

Однако у этого режима есть и целый ряд минусов. Доход самозанятого не должен превышать 2,4 миллиона рублей в год. Самозанятый не может нанимать сотрудников по трудовому договору, все работы нужно выполнять самостоятельно либо заключать договор подряда. Если самозанятый заболеет или захочет уйти в отпуск, он не получит никаких выплат, которые обычно гарантированы сотруднику, работающему по трудовому договору. Если ИП могут платить налоги раз в квартал или вообще раз в год, главное - успеть до конца установленного срока, то самозанятые платят их каждый месяц. Самозанятые не платят обязательные страховые взносы в Пенсионный фонд, поэтому такая работа не учитывается в трудовом стаже. Для ИП и ООО есть специальный режим, позволяющий уменьшить сумму налога за счет расходов. Это выгодно для бизнеса с большими расходами, например на материалы для производства, а вот расходы самозанятых нигде не учитываются.

Самозанятость - это эксперимент. Этот налоговый режим действует до 31 декабря 2028 года.

**М. Куратмагомедов,** руководитель районного центра развития предпринимательства

Эркенаб гугари

# Меседил ва мазгарул медалалгун тIадруссана

Гьал къояз Наро-Фоминск шагьаралда (Подмосковье) тIобитIана 18 сонил гIумруялде



рахинчIел гIолилазда гьоркьоб эркенаб гугариялъул рахьалъ Россиялъул первенство.

Гьенив гIахьаллъана нилъер районалъул лъималазулгун гIолилазул спортивияб школалъул лъабго гугарухъан.

Командаялъулаб тIоцебесеб бакI ккуна нилъер республикаялъул командаялъ. АнцIила цо цIайиялда цере рахъарал гугарухъабазда гьоркьоб Дагъистаналъул гугарухъабазе щвана анкьго меседил, лъабго гIарцул ва анцIго мазгарул медаль.

Гьезда гьоркьор руго меседил медалалъе мустахIикълъарав Агъвали гимназиялъул 10 классалъул цIалдохъан МухIамад ГIалибахIарчиев ва мазгарул медаль щварав гьебго гимназиялъул 9 классалъул цIалдохъан МухIамад ГIабдулхIакъов.



Баркула кIиявго МухIамадида ва гьезул тренерал АхIмад МухIамадовасда ва ХIайбула НурхIажиевасда щварал бергьенлъаби.

Гьарула гьезие хадубккунги икъбал!

**Шамил Сажидов**

Теннис

# СКФОялъул къецазда кIиабилеб бакI



Апрель моцIалъул тIоцересел къояз Гъизляр шагьаралда тIоритIана анцIила лъабго сониде рахинчIел лъималазда гьоркьор столалда тIад хIалеб теннисалъул СКФОялъул къецал.

Гьенив Дагъистаналъул тIасабищараб командаялда гьоръ цеве вахъарав Гъизилюрталда гIумру гьабулев Агъвалиса ХIабиб АхIмадовас ккуна кIиабилеб бакI.

КватIичIого гьев гIахьаллъизе вуго Чебоксары шагьаралда тIобитIизесеб Россиялъул первенствоялда.

ХIабиб ккола Маштихи авалалдаса АхIмадов Раминил вас.

Баркула ХIабибида лъикIаб хIасил, гьарула гьесие хадубккунги икъбал.

**Зульфия Сажидова**

# Авторасул лъазаби

2022 соналъ къватIибе бачIараб ИсмагIил ГьазимухIамадовасул «КЪЕДИ ВА КЪЕДИСЕЛ» абураб тIехьалъул 342 ва 359 гьурмазда лъураб гIададамал кулак гьариялъул бицунеб харбида жанив рехсолев райисполкомасда цIар ШапихIажи букIинчIо. Гьеб буго гъалатI.

БетIерав редактор
Малачдибиров
ГIубайдула СагIадулаевич
2-52-44

Жавабияв секретарь
Сажидова
Зульфия АхIмадовна
2-52-92

Редакциялъул
(издателасул) адрес: 368900
Дагъистан Республика,
Цумада район, Кьенгьара росу
Заводалъул къватI, 4

«ЦIумадисезул гьаракь»
газета гIуцIарал:
«Цумада район» муниципалияб
районалъул администрация

Газета къватIибе биччана
«Издательский дом «Дагестан»
ГАУялъул типографиялда.

Адрес: 367018,
МахIачхъала шагьар,
Насрудиновасул проспект, I «А»

Тираж - 1484
Газеталъул индекс:
51377 (бащдаб лъагIалие)
63302 (лъагIалие)

Макъалабазда рехсарал
хIужабазул, тарихазул бальголъи
гьорль бугеб ва цогидалги
баяназул жаваб авторас кьола.

Газета зарегистрирована
Управлением Роскомнадзора
по Республике Дагестан.
ПИ №ТУ05-00434
от 15 июля 2019 г.

Адрес электронной почты
GoIostsumady@mail.ru